



Office of Children and Family Services

Tit: Demann Enterè, Sibvansyon pou Estabilizasyon Sèvis Gadri

Ajans: Sèvis pou timoun ak fanmi nan Eta New York,
Divizyon Sèvis Gadri (Division of Child Care Services)

Dat yo pibliye l: **03/08/2021**

Lè/Dat limit: Y ap kòmanse resevwa aplikasyon nan dat **03/08/2021** epi dat limit pou pran demann yo se **30/11/2021 a 11:59pm**

Adrès: Tout Eta

Rejyon: Tout rejyon nan New York

Antesedan

Grasa demann enterè sa a, Biwo sèvis pou timoun ak fanmi Eta New York la (OCFS) aksepte demann sibvansyon pou estabilize gadri yo. Se finansman federal anrapò ak pandemi COVID-19 la ki rann pwogram sa a disponib. Itilizasyon fon Lwa sou Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan Act, ARPA) ak Lwa sou Kredi Sipleman tè pou Entèkansyon ak Sekou Kowonaviris (Coronavirus Response and Relief Supplemental Appropriations, CRRSA), finansman estabilizasyon an reprezante yon posiblite ak yon investisman san parèy pou estabilize yon fason ki efikas sektè gadri a. Dokiman sa a bay tout kondisyon pou kalifikasyon ak depans ki akseptab anrapò ak sibvansyon pou estabilizasyon an. OCFS gen dwa pou l chanje tèm ak kondisyon posiblite pou sibvansyon sa a epi nenpòt mizajou ki fèt nan dokiman sa a ap pibliye sou sit entènèt OCFS la.

OCFS ap mete disponib 1,074 milya dola pou pwogram sibvansyon pou estabilizasyon gadri yo.

Vèsman sibvansyon yo pral fèt dirèkteman bay founisè gadri a. Y ap fè pèman yo grasa yon metòd k ap pran an konsiderasyon pri mwayen sèvis gadri yo, metòd, jeyografi, kapasite ak gwosè pwogram nan. OCFS dwe apwouve oswa anrejistre founisè pwogram gadri ki kalifye yo. Vil New York otorize gadri kolektif (atik 47), oswa pwogram pou gadri kolektif ki gen otorizasyon legal (enskri nan yon ajans pou enskripsyon). Tout pwogram yo dwe an règ ak OCFS ak/oswa NYC epi yo dwe aksepte swiv tout enstriksyon OCFS bay ak Depatman Sante Eta New York anrapò ak pandemi an ansanm ak lòt rapò ki nesèsè pou jwenn apwobasyon pou pèman.

Pou fasilite epi senplifye pwosesis demann lan, founisè yo pral aplike pa mwayen yon sèl demann sou entènèt. Ajan pou resous ak oryantasyon nan domèn gadri (CCR&R) pral bay yon asistans teknik ak tout founisè sèvis gadri yo pou yo ka rive ranpli demann sou entènèt la, san n pa bliye lòt patnè tankou CSEA, UFT, ak WHEDco. Tanpri klike [la a](#) pou jwenn enfòmasyon sou kontra ajans lan.

\$1.07B pou Pwogram Sibvansyon pou Estabilizasyon Gadri

Y ap ka itilize fon yo nan uit kategori Biwo federal gadri etabli yo. Y ap bay founisè ki apwouve yo fon sa a sou yon baz mansyèl sou 30 jou pou yon demann ki apwouve sou sis vèsman.

Peryòd aplikasyon sibvansyon pou estabilizasyon gadri a se 03/08/2021 rive 30/11/2021. Y ap kontinye pran dosye jiska 11:59 pm nan dat 30/11/2021. Founisè yo pap jwenn plis pase yon

sèl sibvansyon pou estabilizasyon pou chak pwogram gadri kolektif ki apwouve/anrejistre/otorize oswa enskri epi ki gen pwoteksyon legal. Si yon founisè gen plizyè etablisman, li pral soumèt yon demann pou chak etablisman. Depi demann lan apwouve, y ap fè vèsman sibvansyon yo bay founisè yo chak mwa, jiska 6 vèsman. Tout pèman founisè sèvis gadri ki kalifye epi ki apwouve yo ap fèt anvan 30 septanm 2022. Pou yon founisè kalifye pou jwenn sibvansyon epi pou li kontinye jwenn pèman pou sibvansyon, li dwe an règ, li dwe ap fonksyone, epi li dwe bay swen fas a fas. Founisè yo gen jiska 30 septanm 2023 pou yo fè tout pèman pou itilizasyon otorize fon estabilizasyon ki angaje jiska 30 septanm 2023, ann amoni ak tèm ak kondisyon ki gen nan sibvansyon sa a.

Itilizasyon otorize finansman nan kad Estabilizasyon pou Pwogram Gadri

Objektif enstriksyon [Federal yo otorize gen](#) ladan:

- Depans pou pèsonèl la, tankou pewòl, salè, pèman nan menm sans lan pou anplwaye, avantaj sosyal pou anplwaye, frè retrèt, frè edikasyon, frè gadri; ak frè pou pèsonèl sipò a ka gen aksè ak vaksen COVID-19 yo.
- Lwaye (tankou nan kad yon kontra lwaye) oswa pèman yon obligasyon ipotèk, sèvis piblik oswa asirans; li kapab genyen frè pou reta oswa frè ki gen rapò ak pèman anreta (tout depans yo dwe angaje sèlman jiska 30/09/2023)
- Antretyen oswa amelyorasyon etablisman, sa vle di ti reparasyon (tankou repara douch, amelyore aksè nan espas yo (enstale ranp pou moun kenbe, pot otomatik), sa gen ladan espas aprantisaj ak espas pou jwe deyò, ak ti amelyorasyon pou fè fas ak enkyetid ki gen rapò ak vaksen COVID-19 (tankou elimine mi ki pa enpòtan yo pou kite espas pou kenbe distans sosyal la).
- Ekipman pwoteksyon endividyèl, ekipman ak sèvis netwayaj ak ijyèn piblik, oswa fòmasyon ak devlopman pwofesyonèl ki gen rapò ak pratik sante ak sekirite
- Acha oswa mizajou ekipman ak founiti pou respekte nòm COVID-19 yo
- Byen ak sèvis ki nesèsè pou kenbe oswa pou reprann sèvis gadri yo
- Sipò ki gen rapò ak sante mantal pou timoun ak anplwaye yo
- Fòmasyon ki gen rapò ak sante ak sekirite pou pèsonèl la, tankou Reanimasyon, Sekouris, bay medikaman, ak fòmasyon sou COVID-19

Founisè swen pou timoun yo fè gwo defisi finansye pou yo ka kontinye bay sèvis pandan pandemi an. Kidonk, selon Otorite American Rescue Plan Act, founisè yo ka itilize fon pou estabilizasyon yo pou depans ki te fèt apre 31 janvyè 2020 yo, depi depans sa yo te fèt nan objektif pou reponn ak ijans nan domèn sante piblik COVID-19 la, nan youn nan kategori yo site pi wo yo, akondisyon pa t gen lòt finansman oswa pwogram ki te deja finanse depans sa yo. Sa gen ladan sibvansyon NYS CARES pou gadri. Founisè yo gen jiska 30 septanm 2023 pou yo fè tout pèman pou itilizasyon otorize fon estabilizasyon ki angaje jiska 30 septanm 2023, ann amoni ak tèm ak kondisyon ki gen nan sibvansyon sa a.

Enfòmasyon sou avans ak Pèman

Avans fon pa disponib pou sibvansyon sa yo. Pèman yo ap kòmanse apre yo fin apwouve demann lan. Montan total sibvansyon yo pral divize an sis vèsman masyèl, epi se founisè ki ouvè, ki bay swen fas a fas epi ki an 'règ' nan moman yo dwe fè chak vèsman.

Pou founisè sèvis gadri a jwenn vèsman yo, li dwe asire l, anvan l fè demann lan, li bay OCFS (oswa yon enstitisyon ki an règ) enfòmasyon ki egzak sou pwogram nan, sa gen ladan non legal antrepriz la, adrès elektwonik ak adrès postal, TIN/SSN ak/oswa nimewo idantifikasyon Federal la.

Metòd pou Finansman Sibvansyon

Aprè resepsyon, yo pral fè yon egzamen elektwonik epi si kondisyon pou kalifikasyon yo ranpli, demann nan pral pase nan faz apwobasyon. Si yo apwouve demann lan, y ap bay sibvansyon pou chak pwogram sèvis gadri ki kalifye selon modalite li, rejyon jewografik li ak kapasite maksimòm li genyen ki otorize/anrejistre/kalifye oswa pou gwoup ki legalman otorize pou kantite timoun yo genyen ki sibvansyone. Yo kalkile montan sibvansyon yo apa pou chak modalite; yo pran an konsiderasyon tarif mache gwo rejyon jewografik yo¹; ak kapasite/kantite timoun. Pou gadri famiyal ak gadri famiyal kolektif yo, y ap bay yon montan sibvansyon pa rejyon jewografik. Pou pwogram ki nan sant yo, montan sibvansyon yo kalkile selon gwosè pwogram nan, yon fason pou pran an konsiderasyon efè demezire rediksyon enskripsyon pou ti pwogram yo ak posiblite gwo pwogram yo genyen pou diminye depans yo. Kritè evalyasyon an pèmèt yo bay priyorite ak ti pwogram ki pa toujou gen aksè ak plizyè sous finansman yo. Se enpòtan pou n konnen nan fen sibvansyon an, kapasite pwogram kolektif ki otorize legalman pou enskri yo baze sou kantite timoun ki jwenn yon sibvansyon epi ki benefisye pwogram Child Care Facility System (CCFS) ki nan OCFS e li pa baze sou kapasite total pwogram nan. Yo bay plis enfòmasyon sou montan sibvansyon yo nan **Atachman A**.

Kondisyon pou Kalifye:

Founisè ki kalifye yo dwe se pwogram gadri OCFS apwouve oswa anrejistre, gwoup gadri Vil New York otorize (jan sa defini nan atik 47 kòd sante nan Vil New York la) oswa pwogram gwoup ki gen otorizasyon legal (enskri nan yon ajans ki fè enskripsyon). Tout founisè yo te dwe jwenn lisans yo, anrejistremen yo, otorizasyon yo, oswa lèt enskripsyon yo pou pi ta nan dat 11 mas 2021 epi yo ouvè ak disponib pou bay sèvis gadri fas a fas nan dat yo fè demann pou sibvansyon an. Sa gen ladan founisè ki gendwa pa gen timoun ki enskri aktyèlman men ki "louvri"/ki gen pèsònèl k ap bay swen. Pou pwogram ki fèmen pou yon ti tan yo epi ki pa ofri sèvis gadri fas a fas nan dat demann nan akòz sante piblik oswa lòt rezon ki lye ak ijans sante piblik COVID-19, yo pral bezwen pwouve yo pral sèvi timoun yo apati de 20/09/2021 oswa nan 30 jou k ap vini apre demann lan, pou pi ta.

Pou pwogram gwoup ki legalman otorize yo, pwogram yo te dwe enskri nan dat 11 mas 2021 epi yo dwe te akeyi fanmi ki resevwa sibvansyon epi yo kontinye enskri epi akeyi fanmi yo otorize resevwa sibvansyon nan moman demann nan pou yo kalifye pou yon sibvansyon. Pwogram yo pral konsidere pou sèvi fanmi yo nan dat aplikasyon an menm si yo fèmen pou yon ti tan epi yo pa bay sèvis swen pou timoun nan dat aplikasyon an akòz sante piblik oswa lòt rezon ki gen rapò ak ijans sante piblik COVID-19 la.

Pwogram Head Start, Early Head Start ak pwogram PreK fon piblik finanse ki benefisye lòt sous sipò onivo federal ak leta, ap bezwen bay yon atestasyon ki fè konnen yo pral itilize fon sa yo pou soutni pati nan pwogram yo ki pa resevwa okenn lòt èd gouvènman an. Y ap finanse pwogram yo selon nivo kapasite otorizasyon /anrejistremen yo.

Pou yo kapab kalifye, tout pwofesyonèl swen sante yo dwe "an règ" ki vle di se yon pwogram swen timoun ki nan yon sityasyon peyab ki se swa yon pwogram otorize ki gen lisans/anrejistre/gen pèmisyon (NYC Atik 47) oswa ki enskri (enskri nan yon ajans enskripsyon), ki, nan moman siyati atestasyon an, pa fè pati tout mezi egzekisyon aktif OCFS la oswa Depatman Sante ak Ijyèn Mantal vil New York (New York City Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH). Aplikasyon OCFS ki pa kalifye yo gen ladan:

- Lisans/ Enskripsyon Revoke

¹ NYC; 5 rejyon downstate ki gen tarif mache 1; epi rès Eta yo (ROS) gen rejyon ki gen tarif mache 2, 3 ak 4

- Lisans/ Enskripsyon Limite
- Retrè ak Pwopozisyon Revokasyon Lisans/ Enskripsyon
- Pwopozisyon Revokasyon Lisans/ Enskripsyon
- Aplikasyon pou Renouvle Lisans/ Enskripsyon Refize

Aplikasyon DOHMH ki pa kalifye yo se:

- Lòd Komisè a pou sispann pèmi an
- Odyans Jistifikasyon
- Refi renouvèlman, anilasyon pèmi

Yo dwe poze NYC DOHMH kesyon konsènan sityasyon aplikasyon lalwa nan vil New York.

Si yon founisè gen yon estati aplikasyon pandan demann lan oswa nan nenpot moman pandan pwosesis renouvèlman mansyèl la, y ap egzamine demann li a nan depatman an pou verifiye kalifikasyon l ak si l toujou kalifye. Chanjman estati ak aplikasyon kapab fè gen yon reta oswa yon rediksyon nan montan total la. Chanjman modalite yo ak lòt enfòmasyon ka afekte tou montan total sibvansyon an ak/oswa sou montan mansyèl yo te prevwa yo.

Egzijans pou soumèt aplikasyon yo: Sibvansyon pou Estabilizasyon Gadri

Founisè sèvis gadri ki kalifye yo dwe soumèt yon demann elektwonik bay OCFS sou sit entènèt la. Si founisè yo pa gen aksè ak yon òdinatè, yo ka jwenn èd nan men ajans lokal pou resous ak oryantasyon nan domèn gadri (CCR&R) oswa nan UFT, CSEA, oswa nan WHEDco. Aplikasyon anliy lan ap kòmanse nan dat 3 Out 2021, rive nan dat 30 Novanm 2021 a 11:59pm. Nou pap revize okenn aplikasyon nou resevwa aprè dat limit la. Depi OCFS egzamine epi apwouve demann yo, l ap enfòme founisè yo sou sibvansyon yo genyen yo pa mwayen kourye elektwonik

Founisè sèvis gadri yo pa oblije telechaje dokiman yo avèk aplikasyon yo a, men yo dwe mansyone frè pou fonksyonman mansyèl yo estime yo pou yo ka konfòme yo ak Lwa sou Plan Sekou Ameriken an (American Rescue Plan Act). Fon Estabilizasyon an pa baze sou ranbousman men li pran ankout depans ou te fè apati 31 janvye 2020 depi yo gen rapò ak ijans sante piblik COVID-19 la. Founisè yo gen jiska 30 septanm 2023 pou yo fè tout pèman pou itilizasyon otorize fon estabilizasyon ki angaje jiska 30 septanm 2023, ann amoni ak tèm ak kondisyon ki gen nan sibvansyon sa a.

Atestasyon pou founisè yo

Founisè sèvis gadri yo dwe pwouve yo respekte yon seri egzijans pandan tout tan y ap resevwa vèsman sibvansyon yo. Founisè yo dwe pwouve nan demann yo a tout deklarasyon yo pou yo ka jwenn sibvansyon yo a.

Tèm ak Kondisyon Atestasyon yo:

Dakò mwen dakò ak tèm ak kondisyon sa yo epi si mwen soumèt demann Sibvansyon pou Estabilizasyon Gadri a, mwen sètifye tout enfòmasyon mwen bay nan kad demann sa a se verite epi yo egzat selon pi bon enfòmasyon mwen genyen epi mwen dakò ak chak nan deklarasyon sa yo;

- Mwen ap enfòme Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children & Family Services, OCFS) an prese prese konsènan tout chanjman enfòmasyon nan demann sa a ak, pou site sa yo sèlman, lè
 - pwogram gadri mwen an fèmèn
 - pwogram gwoup legalman otorize mwen an pa akeyi fanmi ki benefisyè sibvansyon ankò
 - pwogram gadri mwen an pap louvri 20 septanm 2021 oswa sou trant jou apati demann nan, si li fèmèn aktyèlman, selon delè ki pi lwen an.
- Mwen konprann si pwogram gadri mwen an fèmèn definitivman pandan peryòd sibvansyon an, mwen dwe remèt tout fon mwen pa depanse epi mwen pa kalifye pou mwen resevwa pèman sibvansyon ankò. Peryòd aplikasyon pou sibvansyon an ap fini 30 Novanm 2021 epi ou ap kapab itilize fon jiska 30 Septanm 2023 depi pwogram nan kontinye ret louvri epi li ap akeyi timoun oswa li enskri epi akeyi fanmi ki resevwa sibvansyon.
- Mwen dakò pou pwogram mwen an suiv tout règleman OCFS ak rekòmandasyon Depatman Sante Eta New York ak règleman Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York, selon ka a, epi pou li konsève bon repitasyon (jan nou defini sa nan Deklarasyon Opòtinite pou Sibvansyon an) epi, pou li mete politik ki konfòm ak rekòmandasyon Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) anplas mezi li kapab (disponib sou <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/schools-childcare/guidance-forchildcare.html>).

Itilizasyon otorize finansman nan kad Estabilizasyon pou Pwogram Gadri

Objektif enstriksyon [Federal yo otorize gen](#) ladan:

- Depans pou pèsonèl la, tankou pewòl, salè, pèman nan menm sans lan pou anplwaye, avantaj sosyal pou anplwaye, frè retrèt, frè edikasyon, frè gadri; ak frè pou pèsonèl sipò a ka gen aksè ak vaksen COVID-19 yo.
- Lwaye (tankou nan kad yon kontra lwaye) oswa pèman yon obligasyon ipotèk, sèvis piblik oswa asirans; li kapab genyen frè pou reta oswa frè ki gen rapò ak pèman anreta.
- Antretyen oswa amelyorasyon etablisman, sa vle di ti reparasyon, sa gen ladan espas aprantisaj ak espas pou jwe deyò, ak ti amelyorasyon pou fè fas ak enkyetid ki gen rapò ak vaksen COVID-19
- Ekipman pwoteksyon endividyèl, ekipman ak sèvis netwayaj ak ijyèn piblik, oswa fòmasyon ak devlopman pwofesyonèl ki gen rapò ak pratik sante ak sekirite

- Acha oswa mizajou ekipman ak founiti pou respekte nòm COVID-19 yo
- Byen ak sèvis ki nesèsè pou mentnans oswa pou reprann sèvis gadri yo
- Sipò ki gen rapò ak sante mantal pou timoun ak anplwaye yo
- Fòmasyon ki gen rapò ak sante ak sekirite pou pèsònèl la, tankou Reanimasyon, Sekouris, bay medikaman

Sa gen ladan ranbousman depans ou te fè apati 31 janvye 2020 depi yo gen rapò ak ijans sante piblik COVID-19 la, nan kategori pi wo a, epi depi lòt pwogram sibvansyon pa t finanse yo. Founisè yo gen jiska 30 septanm 2023 pou yo fè tout pèman pou itilizasyon otorize fon estabilizasyon ki angaje jiska 30 septanm 2023, ann amoni ak tèm ak kondisyon ki gen nan sibvansyon sa a.

- OCFS oswa ajan li yo kapab kontwole demann sa a ak itilizasyon fon yo pou asire enfòmasyon mwen te bay yo egzat epi mwen itilize fon yo byen.
- Mwen konprann nenpòt lè yo kapab mande mwen bay dosye verifikasyon nan moman odit nenpòt fon pou Estabilizasyon Gadri.
- Mwen dakò pou mwen bay enfòmasyon ak dokiman jistifikatif yo mande.
- Mwen dakò bay aksè pou yo verifiye etablisman gadri mwen te fè demann pou li a, pou m bay enfòmasyon ak dokiman ki gen rapò ak demann nan ak itilizasyon fon, ak aksè pou yo entèwoje manm pèsònèl gadri a an rapò ak demann nan ak itilizasyon fon mwen resevwa yo.
- Mwen dwe konsève dokiman jistifikatif yo pandan yon peryòd senk (5) lane epi mwen dwe remèt yo bay OCFS rapidman sou demann.
- Mwen konprann si mwen bay fo enfòmasyon oswa enfòmasyon ki pa egzat konsènan demann sa a oswa si mwen itilize fon yo mal m ap bezwen retounen fon yo oswa ranbouse yo. Mwen dakò ranbouse fon yo jan OCFS egzije sa.
- Mwen dakò depans pou fonksyonman ki nan demann nan pou pwogram gadri mwen an egzat
- Mwen dakò pou mwen bay OCFS oswa ajan li yo rapò konsènan itilizasyon fon mwen resevwa yo sou demann.
- Mwen dakò pou mwen pa redui salè oswa avantaj sosyal anplwaye pwogram gadri mwen an pandan peyòd sibvansyon an. Pou chak anplwaye pwogram gadri a, mwen pran angajman pou mwen bay menm montan salè chak semèn nan epi pou mwen konsève menm avantaj yo (tankou asirans sante, retrèt, selon ka a) pandan peyòd sibvansyon pou estabilizasyon gadri sa a. Mwen dakò pou mwen evite mete anplwaye an konje envolontè apati dat mwen fè demann nan ak pandan peyòd sibvansyon an.
- Mwen dakò pou mwen diminye kotizasyon ak frè ekolaj pou fanmi ki enskri nan pwogram gadri mwen an, epi pou mwen bay fanmi ki gen difikilte pou peye youn oswa lòt nan tip pèman yo priyorite.
- Mwen dakò mwen pa kapab itilize fon pou estabilizasyon gadri a pou mwen peye depans yon lòt sous ekstèn kouvri, pa egzant Pwogram Pwoteksyon Salè (Paycheck Protection Program, PPP), oswa itilize li pou mwen ranplase lòt fon federal oswa etatik.
- Mwen dwe depanse tout fon pou Estabilizasyon Gadri yo avan 30 Septanm 2023.
- Mwen te li epi mwen te dakò ak tèm ak kondisyon yo epi mwen gen otorizasyon pou mwen soumèt demann sa a.
-

Èske ou se yon pwofesyonèl Head Start/Early Head Start/ Pre-K Leta finanse? WI/NON

SI WI: Mwen ateste finansman mwen resevwa pou sibvansyon pou estabilizasyon gadri pap ranplase lòt pwogram Head Start/Early Head State/ Pre-K Leta finanse oswa mwen pap itilize yo an menm tan ak lòt finansman federal pou plas nan pwogram gadri a.

Rapò Founisè:

OCFS gen responsablite pou kolekte enfòmasyon ki vin annapre yo sou founisè sèvis gadri ki jwenn sibvansyon pou estabilizasyon:

- Adrès founisè a, sa gen ladank òd postal
- Ras ak orijin etnik responsab sèvis gadri an fanmi oswa an gwoup; direktè sant ak SAAC
- Sèks direktè sant la oswa pwopriyetè gadri familyal la
- Si founisè a ouvè epi l disponib pou bay sèvis gadri oswa si l te fèmen akòz ijans sante piblik COVID-19 la
- Ki jan yo te itilize fon yo nan kategori depans ki otorize yo
- Dokiman pou montre founisè yo reponn ak egzijans yo mande yo

Anplis de sa, OCFS prevwa kolekte enfòmasyon ki limite nan men founisè yo yon fason pou mete enfòmasyon finansman ARPA mande yo nan espas ki nan rapò a.

Inisyativ Asistans Teknik pou Founisè

OCFS bay sibvansyon ak ajans resous ak oryantasyon nan domèn gadri (CCR&R) nan tout Eta a, ansanm ak lòt òganizasyon ki asosye tankou CSEA ak UFT, ansanm ak WHEDco, pou rive bay yon asistans teknik pou ede founisè sèvis gadri yo ranpli demann pou estabilizasyon yo a. CCR&Rs pral pran kèk mezi sansibilizasyon epi reponn ak demann ransèyman founisè k ap mande èd yo oswa ki pa kapab ranpli demann lan. CCR&Rs pral travay tou ak founisè sèvis gadri yo pou ofri yo fòmasyon sou dokiman ki nesèsè pou depans ki otorize yo pou si gen verifikasyon, ansanm ak sou fason pou mete finansman estabilizasyon yo nan deklarasyon fiskal nan finisman ane a. W ap jwenn kowòdone tout patnè TA yo [la a](#) sou paj entènèt sibvansyon estabilizasyon an.

ATACHMAN A:

Sibvansyon Estabilizasyon pou Gadri 2021- Montan total sibvansyon an pou chak pwogram gadri

Kantite Total pou Sant Gadri yo;

Sant Gadri (Day Care Centers, DCC)			
Kapasite.	NYC	Downstate	ROS
7-50 timoun	\$53,200	\$53,200	\$38,700
51-100 timoun	\$108,600	\$108,600	\$78,900
101-150 timoun	\$149,300	\$149,300	\$108,500
151-200 timoun	\$164,700	\$164,700	\$119,700
201-250 timoun	\$179,100	\$179,100	\$130,200
Plis pase 251 timoun	\$203,000	\$203,000	\$147,600

Gadri pou Timoun ki gen Laj pou Lekòl (School Age Child Care, SACC)

Gadri pou Timoun ki gen Laj pou Lekòl (SACC)			
Kapasite.	NYC	Downstate	ROS
7-50 timoun	\$43,700	\$43,700	\$32,800
Plis pase 51-100 timoun	\$89,200	\$89,200	\$67,000
101-150 timoun	\$122,700	\$122,700	\$92,100
151-200 timoun	\$135,300	\$135,300	\$101,600
201-250 timoun	\$147,200	\$147,200	\$110,600
Plis pase 251 timoun	\$166,900	\$166,900	\$125,300

Sant gadri;

Gadri Familyal (Family Day Care, FDC)		
NYC	Downstate	ROS
\$25,300	\$25,300	\$19,300

Gadri Familyal Kolektif (Group Family Day Care, GFDC)

Gadri Familyal Kolektif (GFDC)		
NYC	Downstate	ROS
\$50,600	\$50,600	\$38,500

Kantite chak mwa pou Pwogram an Gwoup ki gen Otorizasyon Legal yo: Founisè yo kalifye pou resevwa sibvansyon mansyèl yo depi yo toujou gen timoun ki kalifye pou sibvansyon yo. Montan total sibvansyon an ka varye selon estati pou kalifye nan pwogram nan. Se kantite timoun ki gen sibvansyon nan gadri ki detèmine kapasite pwogram an gwoup ki gen otorizasyon legal yo.

kantite timoun ki gen sibvansyon pou kounye a	Group LE enskri		
	NYC	Downstate	ROS
1-10 timoun	\$3,990	\$3,990	\$2,903
11-20 timoun	\$4,655	\$4,655	\$3,386
21-30 timoun	\$5,320	\$5,320	\$3,870
31-40 timoun	\$5,985	\$5,985	\$4,354
41-50 timoun	\$6,650	\$6,650	\$4,838
51-100 timoun	\$13,575	\$13,575	\$9,863
Plis pase 101 Timoun	\$18,663	\$18,663	\$13,563